

# Opra

4 · 1976

# ИСТОРИН АЬЗНАШ

ХЬАЬЖА ХИЗРИЕВ

## Тимур ламанхойн туьйранашкаххьий, дийцаршкаххьий

Къилбаседа-Кавказан ламанхойн фольклорехь къеггина йолу лар йитина историхь вевзаш волчу къизачу мехкашдIалецархочо Тимура. Цунах а, цуьнан тIеман гIуллакххех а лаьцна долу ламанхойн шира дийцарш Iилманчаша тидаме ийцира революци хилале дикка хьалха. Цхьа-долу дийцарш туьйранийн хорме дирзина, амма уьш а дац исторически чулацам боцуш. Масала, гIебартойн Акхсакк-Темирах лаьцна долу дийцар-туьйра. Цу дийцаро нийса гойту Тимуран тIеман маршрут: иза малх-бузехьара тIевеана ламанхошна.

КIезиг дац кIоргга исторически чулацам болуш долу дийцарш а. Царах бу карачойн а, балкарцийн а «Темир-Акхсакх» цIе йолу дийцар. ХIара бу цу дийцаран боцца чулацам...

«ХIордал дехьахь, эрна арахь бежаIунна кIант вина. Воккхахилча, дас жа дажо вахийтина иза. Амма цунах вон жаIу хилла. ОьгIазваханчу дас човхийна кIант, кIанта шаьлтанах катоьхна. Цул тIаьхьа цIера вада дезна кIентан. Тохтамыш-паччахьана карийна иза цул тIаьхьа. ТIаккха паччахьан говрийн реманаш яжо хIоттийна кIант. Эххар а паччахьан эскарах шеца бIе бIаьхьо а вадош, къайлаволу иза. КIант реманаш яжош волчу хенахь цуьнан доьналлех шекволчу Тохтамыша ност кагйина, астагIа вина хилла иза. КIант къайлаваьллачул тIаьхьа цуьнан гIеранах Iаламат боккха бIо хилла. ХIетахь дуьйна «паччахь Акхсакх-Темир» ала долийна хилла цу турпал кIантах».

Цу дийцаран шолгIачу декъехь гойту Тимура гIажаройн паччахь Али-Аббас вохор. Оцу дерриге дуьненна кхераме лоруш хиллачу паччахье, куьйга хьера хьийзош, жарж боккхуьйту Тимура. Къаьсттана тидаме эца лаьа цу дийцаран чаккхе. Цуьнан чулацам исторически бакъдолчуьнца нийса богIу. Терка йистехь Тимуран а. Тохтамыш-паччахьан а хилла буьрса тIом гойту дийцаро шен чаккхенгахь.

Лакхахь тидаме эцначу дийцаро гойту балкарцашний, карачошний Тимуран зама дика евзаш хилла хилар. Исторически бакъдерг ду Тимура шен тIеман некъ дIаболош гIажаройн пачхьалкх йохийна хилар. Бакъду цул тIаьхьа Тимур Кавказан мехкаш дIалаца волавалар а, Терка тIехь цо Тохтамыш вохор а.

ХIирийн фольклорехь а ду дуккха а Тимурах лаьцна долу дийцарш. Масала, «Задалескера нана», «Акхсакх-Тимур», «Муха кхаьчна Тимур Дигоре», «Акхсакх-Тимуррий, Ладартий». Шен хенахь оцу дийцарех пайдаэцна Iилманчаша В. Миллера а, Д. Жантиевас а, У. Далгата а, Т. Хамыцаевас а, «Акхсакх-Тимур» цIе йолчу дийцаро боху, Тимур аьчкан тIемашца стигалхула кхерста ницкъ болуш хилла. Дерриг дуьне дIалаьцна хилла аьчкан тIемаш долчу Тимура, амма Кавказан лаьмнаш карадерзо ницкъ ца кхаьчна цуьнан. Эххар а стигла ваьллачохь, седа а хилла, стиглахь висина Тимур [1].

---

[1] ХIирийн халкъан кхолларалллин памятникаш. Владикавказ, 1927, 74 агIо.

Гуш ма-хиллара, и дийцар туьйране дирзина. Амма Тимур мехкашдIалецархо хилла хилар а, цо дуккха а Кавказан мехкаш дIалецна хилла хилар а исторически бакъдерг ду. Оццу дийцаран кхин цхьа вариант а ю хIирийн фольклорехь. Оцу дийцаро гойту Тимуран жимачу хенахьлера биографи. Амма кхузахь а Тимур стигла валарца чеkхдолу дийцар. И башхалла хIирийн фольклорехь бен яц.

Цхьаццадолчу хIирийн дийцарша гайтарехь, дигорцийн масех тайпа-тукхам Тимурах дIадоладелла ду. Оцу дийцаршкахь Тимур, меттигера турпалхо санна, сийлахь лору. Фольклористана Т. Хамыцаевана хетарехь, Къилбаседа-Кавказехь Тимуран эскарах бIаьхой бисина хила тарло. Оцу исторически буха тIехь кхолладелла лара мегар ду и тIаьххьара Тимур хастош долу дийцарш. Ша дIалаьцначу махкахь онда тоба юьтуш хилла Тимура, шен олалла массанхьа а чIагIдан гIерташ. Иза мехкашдIалецархочун политикица нийса догIуш долу бакъдерг ду. Тидаме эца деза, хIирийн дийцаршкахь бен Тимур, седа хуьлий стигла ца волу. Цуьнан эскарах Къилбаседа-Кавказехь бисина бIо, коьртачу декъехь, ХIирийчохь сецна хила а тарло, иза иштта лору цхьаболчу Iилманчаша а.

Ша къаьстина меттиг дIалоцу «Задалескера нана» цIе йолчу патриотически иллино. Цу исторически илли тIехь къеггина гайтина Тимуран эскарна дуьхьал ламанхоша латтийна майра къийсам. ХIара бу иллин боцца чулацам:

«Лахарчу Дигорехь, шерачу арахь,
ДогIа дац догIуш дериг, цIий ду Iенаш.
И дашо аренаш Iаржъелла лаьтта,
Тимуран эскаро ягийна уьш.
Болатан дуьхьлош йолчу Тимуран бIаьхоша,
Тарраш ца керт еш, дIалаьцна уьш.
Гобаьккхина кIур бу,
Ялташ а, ярташ а цIаро мерцина.
Махкара дика кIентий хIаллакьхилла,
Мехкарий мостагIчун карахь бу».

Иштта реалистически суртхIоттош гойту илланчо Тимуран Iаьржа зама. Тимуран эскар дIадахча, кегийчу берашца цхьа зуда-нана бен кхин адам дисина ца хилла Дигорехь. Цхьаъ бен йоцчу нанас кхиийначу берех юхаденъелла ерриг Дигори. Гиперболически делахь а, и тIеман реалистически сурт исторически бакъдолчуьнца нийса догIуш ду. ТIеман ирча лар халкъан фольклорехь таханенга схьакхаьчна.

Йоккха меттиг дIалоцу Тимурах лаьцна долчу ширачу дийцарша нохч-гIалгIайн фольклорехь а. Тимур шен эскарца шозза хилла Нохч-ГIалгIайн махкахь. Дуьххьара и дара 1395-чушарахь Тимура Терка тIехь Тохтамыш вохочу хенахь. Оцу шеран гурахь Малхбузен Кавказ дIалаьцначул тIаьхьа Тимур юхавеара Малхбален Кавказе. Цу гурахь цо йохийра Нохч-гIалгIайн ярташ. Вайнаха Тимурана йоккха дуьхьало йира. Иза гучудолу, Тимура шен йийсаршна тIехь диначу таIзаре хьаьжча. МехкашдIалецархочун йозанчо билгалдира: «Оцу мехкан нах Тимуран омранца, вовшах а боьхкуш, бердах чукхийсира». Иштта, мостагIчунна муьтIахь ца хуьлуш, хIаллакьхилла Тимура йохийначу ярташкара вайнехан дай.

Нохчаша шайн дийцаршкахь Тимуран къиза сибат гойту. Цуьнан къизалла бераллехь дуьйна хаалуш хилла, боху дийцарша. Оцу бахьанехь жима волуш дас ност йойна хилла кIентан. Кавкаазн мехкаш ша дIалаьцначул тIаьхьа Нохч-ГIалгIайн махкара Iаламат дукха хIонс дIаяьхьна Тимура. Масала, исбаьхьачу говрийн реманаш, хаза мехкарий, тайп-тайпана деза кIаденаш, тIеман деза герзаш, иштта кхин а. Оцу дерригенах лаьцна ду «Тамерланний, куьзгий» цIе йолчу ширачу дийцар тIехь[1]. Къаьсттана башха ду и дийцар. Цу тIехь кIорггерчу

---

[1] Ахьмад Цаликов. Кавказан лаьмнашкахь. М., 1914.

реализмаца гайтина Тимуран васт, цул сов, цуьнан юьхь-сибат а.

Ша дIахьочу хIонса юккъехь карийначу куьзган чу хьожу Тимур. Цунна дуьххьара шен юьхь-марш го куьзган чохь. Куьзган чуьра Тимуре хьоьжу лохачу дегIахь, ирча стаг текхош тIа а долуш волу. Цуьнан Iаьржачу юьхьа тIехь долчу морзагалийн моьнашлахь халла къаьста воьда жима мара. Маьттаза бу цуьнан готта хьаьж долу боккха корта. Дерриг и шен ирча сибат шена гича, догдаьттIа вилхина Тимур. Ткъе итт шарахь цунна юххеваьлла лелла цуьнан хьадалча а вилхина, иза вилхича.

Самаркандехь «Гур-эмир» цIе йолчу зиярта чохь Iохку Тимуран даьIахкаш. 1941-чу шарахь и даьIахкаш талларца леррина йолчу комиссис билгалдина Тимуран дегI-сибатаца долу дерташ. Оцу таллама-ша чIагIдина Тимуран дегI дуккха а сакхаталлаш йолуш хилла хилар. Тамашийна дац нохчашна Тимур дика вевзаш хилла хилар. Нохчийчоьнан аренашкахь хилла ца Iаш, лаьмнашкахь а хилла иза шен эскарца. Геннарчу ламанан яргашкахь хаалуш ю цо биначу тIеман лар.

Тимур, Нохчмахкахь (Ичкерехь) хиларал сов, Аргунаца хьала-охьа йолчу яргашкахь а хилла. Масала, Башин-Къаьлларчу аргунхойн бIаьвнна Тимуран эскаро «Гонат-Къала» аьлла керла цIе тиллина хилла. БIов яккха тIедоьдучу эскарна иза дукха лакхахь хетаелла. Цундела аьлла цунах «Олхазаран тIеман гIала» («гонат» — олхазаран тIам бохург ду).

ГIалгIайн ширачу дийцаршкахь а йинтина Тимура йоккха лар. Масала, Баркинхойн тайпанан генеологи дIайолийнарг Тимуран хьадалча лоруш ву. Баркин Тимуран хьадалчех цхьаъ хилла, боху дийцарша. Кавказехь цу шиннан (Баркинан а, Тимуран а) юкъаметтиг йоьхна. ТIаккха Баркин, Тимуран кIант а вуьгуш, ведда ГIалгIайн лаьмнашка вахана. Зуда а ялийна, гIалгIашна юкъахь висина Баркин. Цунах дIабуьйлабелла бу БаркинхойгIар [1].

Лакхахь далийначу масалша гойту вайнехан фольклорехь Тимурах лаьцна долчу дийцарша йоккха меттиг дIалоцуш хилар. Дукха хан ю и дийцарш дIаяздан долийна. 1911-чу шарахь Федотовс зорбатуьйхира Тимурах лаьцна долу хIара дийцар: «Iалхан-Кхаьллахь шен эскарца вехаш Iаш хилла астагIа Тимур. Цу хенахь Iалхан-Кхаьллахь 1900 цIа хилла. Дукха хан йоццуш и шахьар хиллачохь лаьттах кхаба карийна хилла, шена чохь таьптарш а долуш. Карийначара и кхаба (чохь деший ца хилча) Соьлжа чу кхоьссина. Цу чуьра таьптарш хIаллакьхилла» [2].

Тимурах лаьцна дийцарш Нохч-ГIалгIайчохь дIаяздина XIX-чу бIешарахь нохчийн этнографа У. Лаудаевс («Тамерланан саьнгар»), историка П. Головинскийс («Соскин Солса»), этнографа Б. Далгата («АстагIа Тимар а, цуьнан кIант а»), гIалгIайн этнографа Ч. Ахриевс («АстагIчу Темиран харш»), оьрсийн Iилманчас В. Миллера («Кавказан дийцарш»). Тидаме эца деза, оцу цIераш яьхначу дийцаршкахь Тимур бIаьхо вац, я мехкашдIалецархо а вац. Иза балано хьийзош волу къена да ву, цуьнан кIант вайна Кавказехь. Шен кIант лоьхуш, ша тила ца валийта шен некъаца саьнгарш йоху Тимура. КIант Кавказера дIавига везаш ву цуьнан. Цуьнан аьтто ца болу.

Цхьаццаболчу дийцаршка ладоьгIча, Тимуран кIант Соскин Солсас лачкъийна хуьлу. Башха хьекъал а, турпалхочун доьналла а ло оцу дийцарша Тимуран кIантана. Шен дас ша лоьхуш вуйла хиъча, йийсарехь волчуьра воду кIант. Дукха ду Тимуран а, цуьнан кIентан а ю бохучу саьнгарех дуьйцуш а. Цхьаццадолчу дийцарша ма-бохху аьлча, и саьнгарш Каспийски хIорда тIера Iаьржачу хIорда тIе кхаччалц а, тIаккха Россе а дIасайоьлхуш ю. Саьнгаршца дозуш дерг туьйранах тера де-

[1] Далгат. Нохчийн а, гIалгIайн а турпалаллин эпос. М., 1972, 231 агIо.
[2] Терски ведомосташ, № 176, Владикавказ, 1911 ш.

лахь а, амма оцу дийцарша а нийса гойту Тимуран тIеман маршрут, цуьнан эскарша бина некъаш.

Къаьсттана боккха тидам тIебахийта лаьа В. Чеботаревас зорбатоьхначу цхьана башхачу нохчийн ширчу дийцарна. ХIара бу цу дийцаран чулацам: «Цхьана йовхачу аьхка Тимур хилла шен эскарца гIамаран есаллехь гена новкъа воьдуш. Цу бехачу новкъахь мала хи а ца хилла, охьахаа Iиндаг1 а ца хилла. ГIелвеллачу Тимура омра дина, 70 эзар йийсархочун кортош а дахий, цу кортойх четар де шена, аьлла. Декъазчу адамийн кортойх диначу четара кIел садоIучу Тимурана тIехIоьттина цхьа йоккха стаг. Иза ХIиндойн махкара йогIуш юйла хиъча, цецваьлла, хьалаиккхинчу Тимура хаьттина: «Йоккха стаг, хьо ХIиндойн махкара кхуза муха кхаьчна?! Цигара богIучу бехачу новкъахь Iаламат юькъа хьаннаш ма ю, цу хьаннашлахь меца а, къиза а акхарой ма ю, оццу хьаннашкахь дIовш туху лаьхьанаш ма ду; цул совнаха, хьо еанчу новкъахь даккхий, буьрса хиш ма ду, цу дерригенах хьо муха яьлла?!»

Йоккхачу стага иштта жоп делла Тимуран хаттарна: «Со еанчу новкъахь юькъа хьаннаш яра, цу хьаннашкахь лаьхьанаш дара, уьш тIедетталора суна. Амма ас, суо сайн цхьаъ бен воцу кIант лоьхуш ю, аьлча, массо хIумано а некъ лора суна. Новкъахь дукkха а буьрса хиш нислора суна, амма, со сайн цхьаъ бен воцу кIант лаха араяьллий хиъча, и хиш дIасадекъалора. Хьо, Тимур, дерриге дуьнено а неIалт аьлла къиза экха ду, хийла эзар адаман цIий ду хьуна тIехь. Ирча адам ду хьо, амма хьан а ю хьо везаш йолу къена нана!».

Тимура шена четар дан дахийтинчу кортош юкъахь хиллера нанас лоьхучу цхьаъ бен воцчу кIентан корта а.

Цхьаъ бен воцчу кIентан нанас дийцинчу башхачу дийцаре ладоьгIча, шен дахарехь дуьххьара дог лазийна хилла, боху, Тимуран а. Шен нана дагаеана хилла, боху, цунна. ТIаккха дохковаьлла иза ша дечу къизачу некъашна. Эскар дIа а хецна, дуьне мел ду лела дIавахана иза».

Лакхахь вай далийна нохчийн шира дийцар исторически документ дац, иза машаре дахар лехначу халкъан поэтически дийцар ду. КIоргерачу гуманизман пафосах дуьзна ду башха дийцар. Цо дика гойту вайнехан дайн цIена дог-ойла, цара машар а, безам а, хьанал дахар а лоьхуш латтийна къийсам а.

***Гочйинарг С. Умаров***

СЕВЕРО-ОСЕТИНСКИЙ

НАУЧНО ИССЛЕДОВА ТЕЛЬСКИЙ ИНСТИТУТ

# ТЕЗИСЫ ДОКЛАДОВ
# IV «КРУПНОВСКИХ ЧТЕНИЙ»
# ПО АРХЕОЛОГИИ КАВКАЗА

г ОРДЖОНИКИДЗЕ 1974г

Х.А.ХИЗРИЕВ

## ОТРАЖЕНИЕ РЕЛИГИОЗНЫХ ВЕРОВАНИЙ И ОРНАМЕНТАЛЬНОГО ИСКУССТВА НА НАДМОГИЛЬНЫХ ПАМЯТНИКАХ

I. К числу существенных вопросов антирелигиозной работы, которому почти не уделяется внимания, следует отнести вопрос о надмогильных памятниках (чуртах), их возникновении и функциях.

Установка именно каменных надмогильных памятников объясняется устойчивостью традиций и обычаев у народов Кавказа, связанных с культом предков и наличием культа камня.

Каменная пластика не привнесена извне арабами, как полагают некоторые верующие. Это самобытное явление горцев Северного Кавказа, в частности у чеченцев и ингушей.

Примечательно, что форма и орнаментика надмогильных памятников ярко отражает существование и смену различных верований (языческой, христианской, мусульманской).

Чеченцы и ингуши давно забыли смысл петроглифов, высеченных на камнях. Этому способствовала идеологическая борьба, связанная с проникновением монотеистических религий (христианской и мусульманской), отражающих социально-имущественное и классовое расслоение общества.

Одна из особенностей надмогильных памятников состоит в том, что они дают очень ценный материал о социальном строе, об имущественном неравенстве чечено-ингушского общества.

Изучение надгробий помогает лучше представить прошлое чечено-ингушского народа и то, как менялись его воззрения, как он постепенно освобождается от религиозного дурмана.

Весьма любопытно, что само слово чург (сург) означает – образ, фигура, облик, внешний вид, т.е. первоначально надгробия возникли как памятник для увековечения облика умершего сородича.

В этом отношении научное значение ранних памятников велико.

2. Надгробия, кроме своего прямого назначения, дают возможность проследить древние корни вайнахской традиции изобразительного искусства ( в виде резьбы по камню). Резьба по камню дошла до нас как один из видов художественного творчества Чечено-Ингушетии и богато представлена на надмогильных памятниках (чуртах). В надгробных памятниках искусство местных мастеров обладает художественной выразительностью, хорошей техникой и умением связывать чисто декоративные мотивы с текстом, искусно переплетенным с орнаментацией и включенным в общую систему декоративного ансамбля.

Как известно, народное искусство у всех народов несет в себе глубокие следы тех хозяйственных, политических и бытовых условий в каких веками жил данный народ. Большой интерес в этом отношении представляет памятник с изображением двух голубей на круге (кладбище с.Ведено) символизирующий, как у всех народов земного шара, идею мира и дружбы между народами - извечную мечту народов.

Орнамент непрерывно обогащается новыми изобразительными мотивами, связывающими его с новыми явлениями жизни. Таково,например, включение в орнамент надмогильных памятников советского периода мотивов пятиконечной звезды, швейной машины, велосипеда, мотоцикла, электрического утюга и т.д. ( рис.   ).

В искусстве резьбы по камню можно выделить несколько типов орнамента - графический (или повествовательный), ленточный,растительный и геометрический. На надмогильных памятниках Чечено-Ингушетии чаще всего встречается ленточный и растительный орнамент.



Таким образом, надмогильные памятники (чурты) на протяжении тысячелетий видоизменялись в зависимости от социально-экономических условий и господствующе  религии, выполняя определенную социальную функцию, и сохранились до наших дней как памятники монументально-декоративного искусства и как ценный источник для изучения истории религиозных верований, ибо в камнях отражена многовековая история предков вайнахов.